

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA GKJ AMBARRUKMA

19 JULI 2026

Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB
Pepanthan Nologaten, jam 08.00 WIB

(Warni Liturgis: Ijem, Stola/Logo/Simbol : Prau+Peksi Dara+Pelangi)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori.

Sakderengipun pangibadah, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.

2. **Liturgos** :

Liturgos : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Sangalas Juli Kalih Ewu Nemlikur** (19 Juli 2026).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, sumangga kita sami tansah nggadahi pangajeng-ajeng tumrap Rawuhing Kraton Swarga. Pramila sesarengan kita nggegilut sabdanipun Gusti kanthi irah-irahan **“Purba Wisesaning Gusti Allah lan Pangajeng-ajeng tumrap Rawuhing Kraton Swarga”**, badhe kaladosaken dening Bapa/Ibu Pandhita

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka ***Kidung Pasamuwan Kristen Anyar Nembelas, pada Setunggal lan Tiga (KPKA 16 : 1 + 3)***, **“Puji Mring Allah Kang Maha Wisesa”** *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- (1) Puji mring Allah Pangeran kang Maha wisesa
muji ramya binarung lan sawernining gangsa
pangidungnya klayan bingah ing manah nggunggung Gustining pratitah.
- (3) Puji mring Allah kang sung tentrem raharja nyata,
tansah ngganjar begja mring tyang kang sestu pracaya,
andel-andel wah pepadhang satuhu, pujinen lan trusing kalbu.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu punika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwa ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwa Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, sadherek lan lare-lare sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 | i . 5 7 | i . 5 4 | 3 . ||**
A - min, A - min, A - min.

(Liturgos : Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

Lektor : Introitus kapethik saking: **Rum 8 : 20 - 25**

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “**Puji sokur konjuk Gusti**”

5. **Liturgos** : “ Pasamuwan kagunganipun Gusti Yesus. Gusti Allah paring pangandika supados kita tansah nggadahi pangajeng-ajeng, awit kita sami kapitulungan rahayu wonten ing pangajeng-ajeng.

Pramila sumangga kita sami repenaken kidung pepujen, **Kidung Pasamuwan Jawi Seket Sanga, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 59 : 1 + 3), “Pinujia Tansah Allah Mamirah”**

(1) Pinujia tansah Allah Mamirah,
kang gung tresna nira mring salir titah.
Tyang dosa duraka sinung apura,
tinebus sing pati temah basuki

Refr:
Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta!
Luhurna, mulyakna Pangruwating dosa.
Pasrah maring Allah srana pracaya
margining waluya tentrem raharja.

(3) Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
kang nunggil wah ngrekse mring kagungannya.
Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
gesang langgeng nyata néng kraton swarga.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Jabur 86 : 15 - 17**

“Nanging Paduka punika, dhuh Pangeran, Allah ingkang ambek welasan saha asih, agung kasabaran Paduka saha luber sih tuwin kasetyan Paduka. Kawula mugi Paduka pirsani saha kaparingana sihi-piwelas, abdi Paduka mugi Paduka paringi karosan Paduka, anakipun jaler parekan Paduka mugi kaluwarana. Kawula mugi Paduka paringi pratandhaning kasaenan, supados para satru kawula sami sumerep kalayan wirang, bilih Paduka dhuh Yehuwah, sampun paring pitulungan saha panglipur dhumateng kawula.”

7. Pacawisan Pamratobat

Imam : “ Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah Sang Rama kita menika Allah ingkang ambek welasan saha asih, agung kasabaran saha luber sih tuwin kasetyanipun.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji ***Kidung Pasamuwan Jawi Seket Nem, pada Setunggal lan Kalih (KPJ 56 : 1 + 2), “Muliha Angger”***

(1) Muliha angger, muliha den enggal!
Paranmu wus adoh, lakumu kesasar
Adhuh cilaka angger muliha!
Den enggal muliha!

(2) Élinga sira, wong dosa tobata.
Ramamu kang asih nganti klawan sedhih.
Adhuh, cilaka sira wong dosa,
dèn énggal tobata.

8. Pandonga Pamratobat

Imam : “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggu ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Puji panuwun sokur kawula aturaken ing ngarsa Paduka Gusti. Awit berkah sih kamulyan saha kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula saben dinten. Katitik, Paduka tansah nganthi lan nyarengi lampah gesang kawula kebak ing tentrem rahayu.

Ing pangibadah wekdal menika, kawula pasamuwan GKJ Ambarrukma kagungan Paduka. Gusti mugi mirsani nggen kula kesrakatan. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan saking Paduka mbirat sedaya dosa kawula. Keparenga kawula sami tansah nyuwun pangauban saking Paduka, etuking pitulungan tumrap kawula ingkang nalangsa. Nyuwun panganthi saha pepadhang ing Roh Suci nuntun lampah gesang kawula supados saget nglajengaken gesang lan netepi dhawuh timbalan Paduka nindakaken prekawis ingkang sae lan migunani tumrap sakiwa tengening kukuban kawula.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbanipun Gusti Yesus Kristus ingkang seda sinalib Juruning wilujeng sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat lan Pangatag-atag Gesang Anyar : Yesaya 44 : 6 - 8

“Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah, Ratu lan Juru Panebuse Israel, Sang Yehuwah, Gustining sarwa dumadi: “Ingsun iki kang kawitan lan iya Ingsun iki kang wekasan, ora ana Allah liyane kajaba Ingsun. Sapa kang kaya Ingsun? Iku kareben nguuh-uwuh mangkono, cikben mratelakake lan ngandhakake bab iku ana ing ngarsaningSun!

Sapa kang wiwit ing jaman kuna ngandhakake bab-bab kang bakal kelakon? Apa kang bakal kadadean kareben padha diwartakake marang aku kabeh! Sira aja gumeter lan aja wedi, awit bab iku pancen wiwit biyen mula wus Sunwartakake lan Sunsumurupake marang sira. Sira kabeh iku kang padha dadi seksi-seksiningSun! Apa ana Allah liyane kejaba Ingsun? Ora ana Gunung Parang liyane, Ingsun ora mirsa liyane!”

10. Kidung Kasanggeman

Liturgos : “Pasamuwan umat kagunanipun Gusti. Gusti Allah kita menika inggih Ratu saha Juru Panebus ingkang kawitan ugi ingkang wekasan.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen ***Kidung Pasamuwan Jawi Kalih Atus Kalih, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 202 : 1 + 3), “Rahayu Kang Utama Lakune”*** *pasamuwan kula aturi jumeneng*

- | | |
|---|---|
| <p>(1) Rahayu kang utama lakune ngambah
dalaning prentahe Pangeran.
Rahayu kang netepi dhawuhe.
Wong kang manut ing sapangrehe Gusti,
sarta tansah telaten netepi
sakarsane klawan eklas ing ati.</p> | <p>(3) Dhuh Yehuwah, wicanten kawula,
"Gusti punika panduman kawula,
dene kawula namung sumedya
badhe netepi sadhawuhing Gusti"
Gusti mugi maringi sih-mirma
de panyuwun kawula kanthi eklas.</p> |
|---|---|

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : Pandonga Epiklese

b) Pandhita : maosaken **Mateus 13 : 24 - 30, 36 - 43**

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan : $\overline{1\ 1} \mid 3\ 3\ .\ \overline{3\ 3} \mid 5\ 5\ 0\ \overline{5\ 5} \mid 6\ .\ 5\ 4 \mid 3\ .\ .$
Hale - luya Hale - luya Hale - lu - ya

d) Pandhita : Paladosan Khotbah

e) Irah-irahan : **“Purba Wisesaning Gusti Allah lan Pangajeng-ajeng tumrap Rawuhing Kraton Swarga”**

f) Ancas : Pasamuwan dipun ajak nyuraosi panguwaosipun Allah ingkang maha wisesa menika satemah pasamuwan tansah nggadahi pangajeng-ajeng tumrap rawuhing Kraton Swarga.

g) Wekdal Ening.

12. Pisungsung

Imam : “Pasamuwan ing patunggilanipun Sang Kristus Gusti. Berkahipun Gusti tansah kababar ing gesang kita sami. Pramila pinangka raos sokur kita awit berkahipun ingkang tan kendhat lumintu menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking kitab **Satunggal Babad bab Sangalikur ayat Sewelas (1 Babad 29 : 11)** ingkang mekaten suraosipun:

“Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang kagungan kaluhuran saha kaprawiran, kamulyan, kaunggulan tuwin kaagungan, malah samukawis ingkang wonten ing swarga saha ing bumi! Dhuh Yehuwah, Paduka ingkang kagungan karajan saha Paduka ingkang jumeneng Sesirah ingkang luhur piyambak nglangkungi ing samudayanipun.”

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen ***Kidung Pasamuwan Jawi Satus Wolungdasa Kalih, pada Setunggal Dumugi Tiga (KPJ 182 : 1 - 3)*** **“Puji Sokur Lan Panggunggun”**

- (1) Puji sokur lan panggunggun konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangeran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangreh-Nya.
- (2) Surya, candra, lan pra lintang samnya nyunarken padhang.
Peksi ngoceh mawurahan wah sato-kewan girang.
Tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan.
Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.
- (3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
saestu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi.

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. *Pasamuwan kula suwun jumeneng*

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.

- Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapuntening dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

- 16. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Bapa/Ibu Pandhita lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening ***Kidung Pasamuwan Jawi Tigang Atus Sekawan Dasa Enem A, pada Setunggal lan Tiga (KPJ 346a : 1 + 3), “Ndedonga lan Makarya”***

- (1) Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya,
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanya Kang Mamulya pinuji slaminya.
- (3) Ndedonga lan makarya di tansah waspada.
Yen tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
manggul salibing Gusti, manut ing prentahnyana;
tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

- 17. Liturgos :** “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”